

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2006). Luyu jeung wangenan di luhur, méthode jeung téhnik panalungtikan téh baris ngumpulkeun data panalungtikan ku cara ngalaksanakeun prosés diajar ngajar pikeun meunangkeun hasilna.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun méthode deskriptip analitik. Ari unsur anu didéskripsikeun téh nyaéta sakumna kasalahan dina téks biantara anu dijieun ku siswa SMA Pasundan 1 Bandung.

Éta déskripsi téks biantara ngawengku (1) eusi, (2) organisasi, (3) gaya basa, (4) kosa kecap, (5) éjahan, jeung (6) karapihan tulisan.

3.2. Populasi jeung Sampel

3.2.1. Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh téks biantara siswa kelas X SMA Pasundan 1 Bandung anu jumlahna kurang leuwih 500 siswa tina 14 kelas.



3.2.2. Sampel

Sampel nyaéta sabagian atawa wakil populasi anu ditalungtik (Arikunto, 2006:131). Dina ieu panalungtikan ngagunakeun sampel quota. Pikeun nangtukeun sampel siswa teu diundi ogé teu dipilih-pilih.

Sampel dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh téks biantara siswa kelas X-8 SMA Pasundan 1 Bandung anu jumlahna 41 karangan siswa.

3.3. Prosedur Panalungtikan

3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ku cara tés. Tés nyaéta saruntuyan pertanyaan atawa latihan jeung alat nu lianna anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2006).

Data ngeunaan nulis téks biantara téh dukumpulkeun maké téhnik tés. Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun datana kieu:

- (1) Nangtukeun topik biantara.
- (2) Nyieun lembar téks biantara.
- (3) Ngabagikeun lembar téks biantara ka siswa.
- (4) Méré pancén siswa nulis téks biantara dina lembar téks biantara.
- (5) Ngumpulkeun lembar téks biantara anu geus ditulisan téks biantara ku siswa.

3.3.2. Instrumén Panalungtikan

Instrumén atawa alat anu digunakeun Dina ieu panalungtikan nyaéta tés kamampuh nulis téks biantara. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés

préstasi atawa *achievement test* anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal. Dina nulis téks biantara siswa bébas milih topik anu geus ditangtukeun.

Kritéria meunteun hasil karangan siswa saluyu jeung Nurgiyantoro (2001:307-308).

1) eusi

Eusi nyaéta mariksa gagasan dina tulisan anu disusun ku murid.

2) organisasi

Organisasi nyaéta kumaha uraian eusi dina téks biantara anu disusun ku murid atawa uraian kecap dina nyusun kalimahna.

3) gaya basa

Milih gaya sarta tulisan anu merenah ngagunakeun kalimah anu éféktif.

4) kosa kecap

Milih kosa kecap sarta tulisan anu bener tur merenah sarta teu makéna kecap basa Indonésia atawa asing.

5) éjahan

Éjahan dina ieu panalungtikan dipuseurkeun kana ngagunakeun hurup kapital, nuliskeun aksara é, e, eu, jeung tanda baca.

6) karapihan tulisan

Karapihan tulisan mangrupa indikator tampilan fisik. Tulisan jieunan murid ngagunakeun huruf anu jelas sarta babari kabaca.

Tabél 3.3.2.

PEDOMAN MEUNTEUN TÉKS BIANBARA

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
A	B	C	D
EUSI	27-30	Hadé Pisan – Sampurna	Loba pisan gagasanana.
	23-26	Cukup – Hadé	Loba gagasanana.
	19-22	Sedeng – Cukup	Gasasanana kurang.
	15-18	Pisan – Kurang	Gagasanana sacutik pisan.
ORGANISASI	17-20	Hadé Pisan – Sampurna	Merengah pisan.
	13-16	Cukup – Hadé	Merengah.
	9-12	Sedeng – Cukup	Kurang merengah.
	5-8	Pisan – Kurang	Teu merengah.
GAYA BASA	17-20	Hadé Pisan – Sampurna	Merengah pisan.
	13-16	Cukup – Hadé	Merengah.
	9-12	Sedeng – Cukup	Kurang merengah.
	5-8	Pisan – Kurang	Teu merengah.
KOSA KECAP	17-20	Hadé Pisan – Sampurna	Euweuh nu salah.
	13-16	Cukup – Hadé	Sacutik aya nu salah
	9-12	Sedeng – Cukup	Loba nu salah
	5-8	Pisan – Kurang	Loba pisan nu salah
ÉJAHAN	5	Hadé Pisan – Sampurna	Euweuh nu salah.
	4	Cukup – Hadé	Sacutik aya nu salah
	3	Sedeng – Cukup	Loba nu salah
	2	Pisan – Kurang	Loba pisan nu salah
KARAPIHAN TULISAN	5	Hadé Pisan – Sampurna	Rapil, jelas, jeung kabaca.
	4	Cukup – Hadé	Kabaca.
	3	Sedeng – Cukup	Lumayan kabaca.
	2	Pisan – Kurang	Teu kabaca.
Jumlah Skor	2-30		
Peunteun			

Conto instrumen tés keur siswa:

TÉS NULIS TÉKS BIANARA

Jieun téks biantara panjangna sakurang-kurangna opat paragraf. Topik biantara bisa milih tina pilihan ieu di handap!

- Bahaya NARKOBA
- Tarékah Nyingkahan NARKOBA
- Bahaya Géng Motor
- Tarékah Nyingkahan Géng Motor

3.4. Téhnik Ngolah Data

Data téks biantara anu geus dikumpulkeun téh mangrupa data olaheun kénéh. Ku kituna data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun néangan jawaban-jawaban anu jadi masalah dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nyaéta data tina hasil tés siswa anu nangtukeun kana hasil ahir hipotésis.

